Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

Тхьэгъэзит З. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Литературэм зегъэужьынымкIэ фIыщIэ ин зэрыбгъэдэлъым къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етын **Тхьэгъэзит Зубер Мухьэмэд и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№261-УГ

Зумакуловэ Т. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Литературэм зегъэужьынымкIэ фIыщIэ ин зэрыбгъэдэлъым къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етын **Зумакуловэ Танзиля Мустэфа и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№262-УГ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРэ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МэКЪУАУэГЪУэ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЭРэ КЪЫДОКI

№248 (22.906) ● 2014 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 27, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Дэтхэнэ зыми и щIыхьыр уафэм нос

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щагъэлъэпIащ егъэджэныгъэ, литературэ, щэнхабзэ, журналистикэ, медицинэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэ пажэхуу УФ-мрэ КъБР-мрэ я дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэр.

IУФУ дахэм и пэблэу КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий** жиIащ:

- ЩIэныгъэ куу къагъэлъагъуэу Iэнатlэ зэмылIужьыгъуэхэм пэрытхэм кьалэжьащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я щIыхьыр. Нобэ къеблэгъахэм яхэтщ экономикэм и лэжьакIуэхэр. Абыхэм я фIыгъэкIэ мы гъэм ди экономикэм зиужьащ, проект куэд дгъэхъэзыращ. Кьедгъэблэгъащ егъэджэныгъэм пэрытхэри. Иджыри куэд къытпэщытщ республикэм егъэджэныгъэм и Iуэхур щедгъэфIэкIуэным теухуауэ. Си фIэщ мэхъу властымрэ егъэджэныгъэм гурэ псэкIэ бгъэдэт цIыхухэмрэ зэгъусэмэ, а кьалэн гугъуэхэм даэзрыпэлъэщынур. Нобэ догъэпажэ медицинэм и лэжьакIуэ нэхъыфIхэр. Абыхэм яхэтщ илъэс 37-м нэскIэ цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным зи гъащIэ хэзылъхьа Бер Мухьэдин. Медицинэм хилъхьа и гуащIэм пэкIуэу абы хуэдгъэфэщащ «КъБР-м и пащхьэ щIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я Iэнатlэми. Кьыхэзгъэщынут Ефэнды Джылахъстэн и цIэр. Ар КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыщта зэманхэм а Iэнатlэм къызэрымыкIуэу зиужьащ. Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ нэхъыжьфIым хуищIа хэлъхьэныгъэм кьыпэкIуащ «КъБР-м и пащхьэ щIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

Апхуэдэуи я Iэнатlэм щызыIэрагъэхьа ехьулIэныгъэмрэ псэемыблэж лэжьыгъэмрэ папщIэ КъБР-м и щIыхь тхьилъыр, цIыхубэ, щIыхь зиIэ цIэ лъапIэхэм щыхьэт техьуэ дамыгъэхэмрэ тхьилъхэмрэ зыхуэфащэхэм яритащ Iэтащхьэм икIи кьэблэгъа ИлъэсыщIэмкIэ ехьэужауэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

№ 104

Щэнхабзэм и илъэс

2014 гъэр Щэнхабзэм и илъэсу щытащ. Ар тэмэму иратыжкIуэкIын папщIэ ди республикэм Iуэхугъуэ куэд щызэфIагъэкIащ. Зи щэнхабзэм зезыгъэужь лъэпкъым лъабжьэ быдэ иIэщ. Ар къагурыIуэу, щыIнальэм и унафэщIхэм щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымрэ къэгъэщIэрэщIэжьынымрэ хуэунэтIауэ мы илъэсым къалэныншхуэхэр зыхуагъэувыжат, абыхэм я нэхъыбэри къызыхуэтынщэу зрагъэхъуIащ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ языныкъуэ щэнхабзэ Iуэхущапlэхэм я щытыкIэр иратъэфIэкIуэнымкIэ иратыжкIуэкIа лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу цIыхухэр зыщыгуфIыкIахэм ящыщщ Музыкэ театрыр, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр, Курортым щэнхабзэмкIэ и унэр, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр драмэ театрыр сыт и лъэныкъэкIи зыхуэей хуэзэу зэрызэрагъэпэщыжар. Кьыхэгъэщыпхьэщ Щэнхабзэм и илъэсым къэрал, политикэ лэжьакIуэшхуэу, цIыху гъэзэджэу щыта Мэлбахъуэ Тимборэ и фэеплъ зэрагъэувар, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лжьышгъэм и Лы-хъужь, лъэпкъыпI щэджащэ КIыщокъуэ Алим и музей къызэрызэрагъэпэщар.

Илъэс псор екIуэкIащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ ятеуэхуа пшыхьхэмкIэ, зэIущIэхэмкIэ гъэнщIауэ. Абыхэм пэщIэдзэ яхуэхъуащ Щэнхабзэм и илъэсыр республикэм Iэтауэ къызэрыщызэIуахым хуагъэхьэзыра пшыхьыр. Абы къыкIэлъыкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым и творческэ союзэм и унафэщIхэмрэ творческэ интеллигенцэм я лIыкIуэхэмрэ зэрахуэзар. А зэIущIэм куууэ щытепсэлъыхьат мы Iэнатlэр зыльахъэ гугъуехьхэм.

Къапщтэмэ, Щэнхабзэм и илъэсым епха дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри республикэм щIэщыгъуэу, гукъинэжу кьыщIэзрагъэпэщащ. А илъэсыр республикэм и тхыдэм къызэрыкъэнэну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Сочэ щекIуэкIа XXII ЩIымахуэ Олимп Джэгухэм ди щыналъэм и творческэ гупхэм я зэфIэкI зэрыщагъэлъэгъуар, КIыщокъуэ Алим илъэси 100 зэрырикъум теухуа пшыхьэр ди республикэмии Москваи зэрыщекIуэкIар, «Iуащхьэмахуэ и щыгум щагъэззащIэ къафэхэр» IV дунейпсо Iуэрыlуатэ фестивалыр, Лермонтов Михаил къызэрылхурэ илъэс 200 щрикъум ирихьэлIэу «Ар уэ уи уэрэджыIакIуэщ, Кавказ» макъамэ-театр теплъэгъуэр, Темырыкан Юрий и цIэр зыхьэ III дунейпсо фестивалыр, Кавказ Ищхъэрэм и щIалэгъуалэ зэчиифIхэр зыхэта «Творческэ лъагапIэхэр» зэпеуэр, Кьардэнгъущ Зырамыкурэ Отаров Омарря я фэеплъу цIыхубэ уэрэдыжьхэр щагъэззащIэ зэхьыхьэр, ди тхакIуэ, усакIуэ цIэрыlуэхэр щагъэльапIэ зэхуэсхэр. Щэнхабзэм и илъэсым ягъэуващ Адыгэхэм я дунейпсо махуэр. Абы епха дауэдапщэхэр дуней псом щикъухьа адыгэхэр хэту ди республикэм и районхэми кьалащхьэми Iэтауэ щекIуэкIащ. Илъэсыр зэхуащIыжащ «Диалог культур» Кавказ Ищхъэрэ фестивалымкIэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм къыщыдзкI лъэпкъ газетхэм зэгъусэу ящI номер зэхэтхэм я зи чэзу мы къыдэкIыгъуэр трагъуащ а щIыналъэхэм Щэнхабзэм и илъэсыр зэрыщекIуэкIам, а Iуэхум хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа щIыху телъыджэхэм.

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ лъэпкъхэм я лъэмыжщ

Дуней псор дахагъэкIэ зэпызыщIэ Щэнхабзэм и илъэсыр Урысей Федерацэм купщIафIэу щекIуэкIащ. Ди гуапэ зэрыхъунщи. Къэбэрдей-Балъкъэрми 2014 гъэр хуэгъэнщIащ зэхьыхьэ, пшыхь, Iуэху гъэщIэгъуэн куэд дыдэхэмкIэ. Ахэр вэсэмахуэ къыщызэщIакъуэжащ Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIа «Диалог культур» фестивалым. Гъуазджэр псалъэ хуэныкъуэкъым жаIэ, итIани, лъэпкъхэр зэрызыгъэщIыхур, зэпызыщIэр аращ. Апхуэдэ зэхьхьэт мыри. Пшыхьым къыщыззэхуэсат лъэпкъ щэнхабзэр зыхъумэхэр, езыгъэфIакIуэхэр.

ФЕСТИВАЛЫМ хэтащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр, «Тэрч кьэзакъхэр» гупыр, Дагъыстэн Республикэм и «Каспий» къэфакIуэ къэрал ансамблыр, уэрэдымрэ къафэмкIэ «Магас» Iуэрыlуатэ ансамблыр (Ингуш Республикэ), лъэпкъ уэрэдыжьхэр зыгъэзащIэ цIыхухъу хорыр (Осетие Ищхъэрэ-Алание), тэрч, ставрополье къэзакъэм я «Наследие» гупыр, уэрэдымрэ къафэмкIэ «Нохчо» къэрал Iуэрыlуатэ ансамблыр (Шэшэн Республикэ). Дэтхэнэ гупми игъэлъэгъуа къафэм е уэрэдым цIыхухэм я гукъыдэжыр къиIэтащ, яяхэзми иджыри зэ гурыIуэгъуэ тщищIащ къэралым и кьулеягъыр абы щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ зэмылIужьыгъуэхэр арауэ зэрыщытыр.

ХьэщIэхэри бысымхэри зыпэмыплъа Iуэху гуапэт фестивалыр Къурашэ Эдуард игъэсэ «Вагъуэ цIыкIуэхэр» сабий ансамблым къызэрызэIухар. Я ныбжьым емыльытауэ, абыхэм яIэ зэфIэкIыр цIыхухэм ягъэщIэгъащ. Я уэрэдкIэ цIыхухэм яхуэупсащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и уэрэджыIакIуэ Хьэкъул Оксанэ, Iуащхьэмахуэ районым къикIа уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэ Байсултановэ Инарэ сымэ. Уэрэдымрэ къафэмкIэ «Амикс» театрым хэт щIалэгъуалэм «Ди Кавказ» уэрэдыр ягъэззэщIащ.

«Щэнхабзэм и илъэсыр къызыхуэтынщэу къызэгъэпэщауэ щытащ. ЕхьулIэныгъэхэр диIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм зыкъыззэрытщIигъэкъуэм и фIыгъэкIэ. Дыщогъуэ Щэнхабзэм и илъэсыр зэредгъэкIакIам хуэдэу, 2015 гъэр зытрауха литературэм ейри купщIафIэу щытыну. Щэнхабзэ щымыIэмэ, зэхущытыкIэ дахэ лъэпкъхэм ди яку зэрыдэмыльынур хьэкъщ», - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

Министрым щIыхь тхьилъхэр яритащ илъэсым и кIуэцIкIэ щэнхабзэр кьалэту зи лэжьыгъэм пэрытахэм, журналистхэм. Ди гуапэу жыдоIэ ди лэжьэгъу ТекIужь Заретэ абыхэм зэращыщыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ*

Террорым пэщIэтынымкIэ комиссэмрэ КъБР-м щыIэ оперативнэ штабымрэ я зэIущIэ

Дыгъэгъазэм и 25-м КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIащ Террорым пэщIэтынымкIэ комиссэмрэ КъБР-м щыIэ оперативнэ штабымрэ я зэIущIэ. Абы гулъытэ хэха щыхуащIащ уэзыншагъэр хъумэнымкIэ Iуэхущапlэхэр, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым хиубыдэ Iуэхущапlэхэр, псы къыщIэщыпlэхэр щIэпхъаджащIэхэм нэхъыфIу ящыхъумэнымкIэ. Илъэсыщ дауэдапщэхэр щекIуэкI лъэхъэнэм дэнэ щIыпIи шынагъуэншагъэ къыщыззэгъэпэщынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм.

ЗЭIУЩIЭМ кьрихьэлIащ федеральнэ центрым и лIыкIуэр, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, хабзэхъумэ органхэм я унафэщIхэр, къалэ, район муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шэт И. М., КъБР-м ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и Iэнатlэм щыкIэлъыплъынымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Кучменов Тl. М., КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Тупыкъу А. М., къэрал кIуэцI Iэхэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Васильев С. В., УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэ БерМухьэдин. Медицинэм хилъхьа и гуащIэм пэкIуэу абы хуэдгъэфэщащ «КъБР-м и пащхьэ щIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я Iэнатlэми. Кьыхэзгъэщынут Ефэнды Джылахъстэн и цIэр. Ар КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыщта зэманхэм а Iэнатlэм къызэрымыкIуэу зиужьащ. Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ нэхъыжьфIым хуищIа хэлъхьэныгъэм кьыпэкIуащ «КъБР-м и пащхьэ щIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

Апхуэдэуи я Iэнатlэм щызыIэрагъэхьа ехьулIэныгъэмрэ псэемыблэж лэжьыгъэмрэ папщIэ КъБР-м и щIыхь тхьилъыр, цIыхубэ, щIыхь зиIэ цIэ лъапIэхэм щыхьэт техьуэ дамыгъэхэмрэ тхьилъхэмрэ зыхуэфащэхэм яритащ Iэтащхьэм икIи кьэблэгъа ИлъэсыщIэмкIэ ехьэужауэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Дыгъэгъазэм и 28, *тхьэмахуэ*

♦Кином и дунейпсо махуэщ
♦1905 гъэм Налшык зыкъыщызыIэтахэр хагъэщащ.
♦1959 гъэм Налшык телемеханикэ аппаратурэ къыщыщIагъэкI завод къыщызэIуахащ.
♦1968 гъэм Мейкъуапэ иIэ Зэныбжьэгъугъэм и утым къыщызэIуахащ «ИгъащIэкIэ Урысейм дыщIыгъуу» фэеплъыр.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым 1 градус щыхьунущ.

Дыгъэгъазэм и 29, *блыщхьэ*

♦Биологие зэмылIужьыгъуагъэм и дунейпсо махуэщ
♦Урыс императрицэ, **Петр Езанэм ипхъу Елизаветэ** къызэралъхурэ илъэс 305-рэ ирокъу.
♦КъШIр-м щыщ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къардэн Мурат** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.
♦ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиIэ и дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат **Щоджэнцыкlу Еленэ Алий и пхъур** къыщалъхуа махуэщ.
♦ТхакIуэ, КъБР-м щыхь зиIэ и журналист **Гъэунэ Борис** къыщалъхуа махуэщ.
♦ТхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Мэкъуауэ Амир** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 6, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ПыIэ зыщхьэрыгъ псори лIыкъым.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 27, *щэбэт*

♦УФ-м Къегъэлакlуэм и махуэр щагъэлъапIэ
♦1932 гъэм СССР-м паспорт системэ щагъэуващ.
♦1945 гъэм Дунейпсо валютэ фондымрэ (МВФ) КъэщIэрэ щIэжьынигъэмрэ зыужьынигъэмрэ я дунейпсо банкымрэ (МБРР) къызэрагъэпэщащ.
♦Литературовед, критик, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Хьэкlуащэ Андрей** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
♦УФ-ми СССР-ми самбэмрэ дзюдомкIэ щIыхь зиIэ я тренер, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Куэблэ Екъуб** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦КъШР-м щыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист **Къэжэр Борис** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щыхь зиIэ и сурэтыщI, жылагъуэ лэжьакIуэ **Жылэ Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.
♦Журналист, усакIуэ, «Черкес хэку» газетым и кьудамэм и унафэщI **Бемырзэ Зураб** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 7, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 29, *блыщхьэ*

Хьуэхъу

ХьэкIуащэ Андрей и махуэ лъапIэ

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м, Адыгейм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, критик, литературовед ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэм и ныбжьыр нобэ илъэс 85-рэ ирокъу.

ПщIэ зыхуэтщI ди нэхъыжьыфIым гуапэу дынохъуэхъу уи махуэ лъапIэмкIэ. УхъыхъэкIа лъэпкъым укуэфащэу, абы и бзэр, и литературэр хъумэнымкIэ лэжьыгъэшхуэхэр зэфIэбгъэкIыу уопсэури, уузыншэу, уи зэфIэкIкIам хэмыщIу, уи гуащIэм зэрыпыщэн гукъыдэж уиIэу, уи гур здэплъэм уи Iэр лъэIэсу иджыри илъэс кудкIэ ди япэ уитыну ди гуапэщ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэр.

Зи Іэщіагъэм хуэІэижь

Лэскэн районым и библиотекэ нэхъыщхьэм и методист пажэщ Деунэж Фатімэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр къэрал университетым и экономикэ факультетыр 1986 гъэм къиуха нэужь, экономисту, бухгалтер нэхъыжьу лажьащ. Иужькіэ Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкіэ и институтым библиотекэ лэжьыгъэмкіэ и къудамэр къиухыжащ. Ар библиограф нэхъыщхьэу лэжьащ, иджы район библиотекэм и методист нэхъыщхьэщ.

Библиотекэм и унафэщі Тэрчокъуэ Анжелэ зэрыжиІэмкіэ, ФатІимэ пылъхьэнэшу зи кьалэныр зыгъэзащіэ, Іэхэущіапіэр ефІэкіуэнымкіэ, абы зиужьынымкіэ щіэ гъэрхэм зэпымыІуэу лъыхъуэ лэжьакіуэ емыз-эзэщ. Къищынэмыщіауэ, хьэл-щэн дахэ, цІыху хэтыкіэ зыщіэ, щіэныгъэ зыбгъэдэль мы бзыльхъугъэр и лэжьэгъуэхэм я дежкіэ щапхъэщ.

Махуэшхуэхэм ирихьалІэу сабийхэмрэ ныбжьыщіэхэмрэ папщіэ щэнхабзэ, нэгузыужь зэхьихьэ гукъинэжкъэр Деунэжым къызэрегъэпэщ. Абы и кьалэнхэм ящыщу нэхъыщхьэу кьиныдэтэр ныбжьыщіэхэр я лъахэм щыгъуазэу, узыншагъэ яІэу, я Хэкур фІыуэ яльагъуу, я щіыуэпсір яхъумэу кьэгъэхъунырц.

- 2008 - 2013 гъэхэм дгтхьлъ гъэтІылъыгъэхэм я бжьыгъэм фІыуэ къыхэхъуащ, федеральнэ бюджетым къыхэкіаахъшэмкіэ къэтщэхуауэ. Мэлбэкъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм, Пащіэ Бэчмырзэ и цІэр зезыхьэ, Сабий библиотекэм, Мечиев Кязим и цІэр зезыхьэ, Ныбжьыщіэхэм я библиотекэм жьдэжру дадолажьэ. Кьищынэмыщіауэ, зэпымыуэу дыхэтщ республикэм щекІуэкі зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ. А зэхьихьэхэм мызэ-мытІэу пашэ дыщыхьауащ, - жеІэ ФатІимэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Щэнхабзэм и илъэсым ирихьалІэу зи зэхьихьэшхэу зыбжанэ зэрыригъэжькіар. Кіыщокъуэ Алим къызэрыкІырэ илъэсыкІэ 100 щрикъум ирихьалІэу «Шу пашэм и Гъуэгуанэ уардэ» литературэ пыхьыр къызэрагъэпэщащ. Сочэ къыщызэІуаха Щіымахуэ Олимп Джэгухэм ирихьалІэу хэтащ «Библиотека, спорт и книга на встречу Олимпиаде» республикэ зэпеуэм. Апхуэдэу я зэфІэкІ щагъэлъагъуэ «Радостное чтение» тхьІэкІ марафоным, Лермонтов Михаил къызэрагъэпэщ илъэс 200 зэрырикъум и щыхькіэ къызэрагъэпэща «Певец Кавказа» зэхьихьэм, нэгъуэщІхэми.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

И унэщІэм хуэфащэ

Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ и щІэблэм ящыщщ КъБР-м и цІыхубэ артист Къэбэрдокъуэ Мурат. Композитор, пианист щІалэщІэм зэфІэкІышхуэ зэриІэм и щыхьэтщ абы и Іэдакъэщіхэр, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм къызэрыхэжаныкІыр, щэнхабзэм и цІыху цІэрыІуэхэм зэрадалажьэр.

ЗЭРЫЖАІЭЖЫМКІЭ, Мурат зэрыщіыкІурэ макъамэр фІыуэ ильагъут. Арауи къыщІэкІынщ къиджэмым псынщІэу щІыхьэзгъари. Ар илъэс 14-м ит арат Урысей Ипщэм и концертмейстер ныбжьыщІэхэм я етІуанэ зэпеуэм и саугъэт яхъыщхьэр къыщихьам. Илъэс дэкІри, пианистхэм я зэпеуэм, «Макъамэ гъатхэ - 2001 гъэ» зыфІащам, и дипломант хъуащ. Ахэр щІалэм и ялэ екъуІэныгъэт.

2009 гъэм Къэбэрдокъуэм Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкіэ и къэрал институтым и композитор Іэщіагъэм, фортепианэм еуэным щыхурагъаджэ и факультетхэр диплом плъыжькіэ къиухащ, адэкіэ абы и щІэныгъэм щыхигъэхъащ Римский-Корсаковым Н. А. и цІэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт консерваторием и аспирантурэм. Студенту щыщіта илъэсхэми Мурат зэпеуэ куэдым хэтащ икіи сытым щыгъуи абыхэм бжьыпэр щиубыдыт.

Щіалъхуэ щіыпІэм пэжыжьэми, ар къуэпс быдэкіэ пыщіащ. Къызыхъкіа адыгэ псалъэм. Урысей щэнхабзэм и кьалэ нэхъыщхьэу кьалъытэ Санкт-Петербург илъэс зыбжанэ хъуауэ щыпсэу щіалэр зыхэтым яхэшыпсыхьакъым, атІэ и адыгагъэкіэ кьахощ, и анэдэлъхубзэрэ дахэу ягъэшэрыуэ. «Уи бзэр пщІэжьым, ар пІурылъым мыхьэнэшхэу иІэщ, - жеІэ Мурат. - Сэ сызэрепльымкіэ, укъызыхэкіа пъэпкъым и щэнхабзэр нэхъ кууэу щызыхэпщІэнэр абы теухуа литературэрэ и анэдэлъхубзэмкіэ бджьымэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, Нартхэм я эпосыр, адыгэ Іуэрыуатэр».

Мурат и Іэдакъэщіхіхэм я нэхъыбэм адыгэ щэнхабзэм ижь ящІыхуащ. Абы и хъуэпсапІэщ адыгэ макъамэр дунейпсо утыку ирихьэну. Къэбэрдокъуэ Мурат урысей щэнхабзэм лъэ быдэкіэ хэуваш. Нобэ абы и цІэр композитор цІэрыІуэхэм я гъуэгу къраІуэ, и Іэдакъэщіхіхэр утыкухъуэхэ ящІысу, и ныбжьыщіэхэр зыгъэзэщіэнур езым къыхихьыжыну Іэмал иІэщ.

Мурат и зэфІэкІым и лъагагъэр къызэралъытэ зы пщалъэщ, псалъэм папщІэ, макъамэмкіэ дунейпсо зэпеуэхэм абы и Іэдакъэщіхіхэм ящыщ зы Іэмал имыІэу щагъэзэщІэн хуейуэ зэрыхагъэхьэр.

Адэкіэ нэгъуэщІ лэжьыгъэ зэфІмимыгъэкІми, Мурат и цІэр щэнхабзэ тхьідэм къыщІэхэнэщ «Кавказым и симфониехэр» макъамэ проектыр. Радиожурналист Теувэжькъуэ Марианнэрэ абыиз Кавказым епхауэ адыгэ, балъкъэр, урыс композиторхэм ятхауэ щытахэр зэхуэхьэсыжри диски 5 хъуэу дунейм къытрагъэхьауэ щытащ. «Ар дэтхэнэ зы школми яІэн хуейщ, макъамэмкіэ дерсхэм папщІэ, - жеІэ Мурат. - ЩІэблэм ящІэн хуейщ лъэпкъ макъамэм и хъугъуэфІыгъуэр яхуэзыгъэбгъуэхэм я цІэхэр - ХьэІупэ Джэбрэил, Кьардэн Хьэсэн сымэ. Псалъэм папщІэ, лъэпкъ гимныр Кьардэн Хьэсэн зэритхар ящІэн хуейкъэ?! ЩІэблэр зэкъупсу къэбгъэтэджьныныкІэ абыхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ».

Къэбэрдокъуэм и зэфІэкІхэр куэд мэхъу, а псор мы зы тхыгъэмэ къытхуэзгъэгъэуБыдэнкъым. Ауэ мы илъэсым къэхъулІахэм укъытеувыІэмэ, кьыхэбгъэщ хъунущ режиссёр Сокъур Александр и «Франкофоние» фильмымрэ продюсер Тельнов Алексей и «Цурцупа» проектымрэ макъамэхэр зэрахуитхар. Япэм нидерландкэ оркестрыр и гъусэу Хильверсум кьалэм щелэжьащ, етІуанэр «Клевер-квартет» ансамблым дэщІыгъуэу щрагъэтхащ Санкт-Петербург дэт «Лендок» студием. Мы зэманым а ансамблыр и гъусэу и макъамэхэр щызэхуэхьэса диск ягъэжьащ. Абы хэтІыкІуш Мурат зыхэлэжьыхьыжа адыгэ макъамэхэри.

Композитор щІалэщІэм дуней псом щІэрыІуэ щыхъуэ Іэдакъэщіхіхэр и мащІэкъым, апхуэдэу щытми, мурад дахэхэр и гуращіэщ, ди шэч къытетхьэркъым макъамэ гъэзэджэм хэува и вагъэр нэхъ нурыбэ зыщІыну лэжьыгъэ куэд абы иджыри къызэрехъулІэнум.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Щэнхабзэм и илъэс

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо филармоние исимфоническэ оркестрэ иконцертэу Мыекъуапэ щыкІуагъэр тщыгъупшэщтэп. Урысыем инароднэ артистэу, профессорэу Семен Коган оркестрэм идирижерыгъ. Пчыхьэзэхьэр гум кьинэжьынэу кІуагъэ.

МОЦАРТ ия 35-рэ симфониеу «Хафнерыр» оркестрэм къырирІаІоэз, дирижерэу, рэхьатныгъэ зыхэлъ хьулъфыгъэ мылъэпэлъэгэм изекІокІэ-шы-кІэхэм алъымыплъэрэ щІыф филаморнием чІэмысигъэу къыщІыхьыгъ. Орэдыныр къабзэу, «Мыцунтхъагъэу» зэрэзэхахырэм шІгъэгушІуагъэх.

Д. Верди, И. Фроловым, А. Даниловым, классикэм хэхьэгъэ нэмыкІ композиторхэм япроизведениехэр концертым щыгуфІэх. Адыгэ Республикэм и къэралыгъо къабзэу, «Мыцунтхъагъэу» зэрэзэхахырэм шІгъэгушІуагъэх.

Дирижерым куоу уегъэдаІо

Дзыбэ Мыхьамэтрэ Нэчэс Анжеликэрэ

Лъэпкъ искусствэм щІэрыІо щыхъугъэу, Адыгэ Республикэм изаслуженнэ артистэу Дзыбэ Мыхьамэт ипчыхьэзэхахьэ Мыекъуапэ щыкІуагъ. Къэралыгъо филармоние щыІэзэхащІэу концертым еплъыгъэхэм ащыщэу Краснодар краим, къалэу Уфа къарыкІыгъэхэм, нэмыкІхэм таІуэкІагъ.

ДЗЫБЭ Мыхьамэт цІыфхэм сыда агу зыкІырихьырэр? А упІэр нэбгырабзэмэ кьаІоу зэхэтэкъы. Зыми фэмыдэу орэд кьызэриІорэм, сэнаущыгъэу хэлъым пае искусствэм пыщагъэхэм ар ашІогъэшІэгъонэу тэлъытэ. Пщынаоу, орэдуэсу ЛІыбзыу Асльан, оркестрэм, къэшІуакІоэмэ, мы-кІыкІ артистхэм концертыр кьагъэдохагъ. Адыгеимрэ Къэрэщэе-Щэрджэсымрэ язаслуженнэ артистэу Нэчэс Анжеликэрэ Дзыбэ Мыхьамэтрэ зэгъусэхэу кьаІоГъэ орэдхэр щыІэныгъэм щыщых. Пчэгум щызэгурыІохэзэ, янэжьыгъэм зэрызэхтлъхьэным. Музейм щІыкІэ нэхъыбэ кьесошэлэну сыхуейщ икІи абы кьекІуалІэхэм ар гупсэхуэгъуэ щагъуэт, етІуанэу кьызытрагъэзэжьын щІыпІэ хъунымкІэ сэ схуэзэфІэкІ кьэзгъэнэжьукъым.

Ащхъуэтыр хуейщ сыт хуэдэ ныбжьыкІи итри музейм и хьэщІэ хьуну. А Іуэхур кьыщирагъэжьащ школакІуэ щыкІуэхэм я деж - мурад зыхуащІыжащ абыхэм ящыщ дэтхэнэми зэ нэхъ мыхьэми музейм зыщІагъэпІылъхьыну.

И лэжьыгъэм зэрызригъэужьыным щІэныгъэм ехъулІэныгъэ ущиІэн папщІэ, абы сытым дежи щІэ гуэр хэпІъхьэн хуейщ. Дызэтхьэжьу ислъэсым музейр кьыхэзэрагъэпэщэз ильэс 55-рэ ирихьунущ. Ар Іэтауэ дгъэльэпІэну ди мурадщ, гъэльэгуэныгъэ гъэщІэгъуэн куэд хуэзэдгъэпэщынущ, музейм и гъэтІылъыгъэ суРэт нэхъыбэрэр утыку кьитхьэнущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Зыми фэмыдэ Мыхьамэт

Концертым ягуапэу еплъых

плъэгъуКІи уагъэгушІо. Мэкъэхэхыгъэ зэрыщІыгъэ кьыфагъоты.

Гум ихъыкІырэм, ным афэгъэхьыгъэхэм уядэІуэз, нэмыкІ орэдхэм уяжь. Мыбыдэт тызэрэщІигъэозагъэу, Адыгеим икомпозиторхэм ауСыгъэхэр нахьыбэрэ кьыІохэ шІоигъу. ШІогъэшІэгъэныхь, егъэзЬапІэх. У. Тхьабысымым, Дж. Натхъом яорэдхэу «Сикъуадж», «Дахэ сидуная», фэшъхьаІэфэри уахътэм кьекІоу егъэжьынчых. Пэшэпсынэ иорэди къедэлъугъэ-мэ хэпшІыкІэу агу рихьыгъ. «Хазбулатыр» жьы мыхъурэ орэд.

Концертыр зэрэщІэщтыр ИнтернетымкІэ зэзыгъэшІагъэхэу Рустам Ганеевымрэ Анжелина Нигматуллинамрэ Уфа щэпсэух. Краснодар краим зыгъэпсэфыгъо уахътэ щагъакІоэз, концертым къкІуагъэх, Дзыбэ Мыхьамэт гоуцохи, нэпэеплъ сурэтыр атырахыгъ.

Адыгэ Республикэм икультурэ щІэзэрэ, Правительствэм хэтхэр концертым еплъыгъэх. Пчыхьэзэхахьэр къызэухым, залым чІэсыгъэхэр М. Дзыбэм готхэу нэпэеплъ сурэтхэр атырахыгъэх, артистым гущІэІэгъу бзэхъугъэх.

Концертым къэкІуагъэхэр анахьэу зыгъэгушІуагъэхэм а щІыщ Мыхьамэт пщынэр ягъэбзэрабзэзэ ешнахьыкІэхэр къызэрэдежьыгъэхэр, пхъэхІычым зэрэтеуагъэхэр. Пчыхьэзэхахьэм еплъыгъэхэм гъунэ имыІэу зэрафэразэр гъэзетымкІи къэтІонэу Мыхьамэт къыгъэлъэІуг.

ЕМТІЫЛЪ Нурбый.

Уэрэджы Іакіуэ зэчиифІэ

Къэрэшей-Шэрджэсым щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ и колледжу Черкесск къалэм дэтыр, Даур Аслъэн и цІэр зезыхьэр, фІы дыдэу къэзыухахэм яхэтащ Урым Ренат. Абы щыгъуи наІуэ хъуат уэрэджы Іакіуэ щІалэм зэчиф зэрыбгъэдэлъыр.

ИЭЩІАГЪЭМ нэхъыфІу зыхиГъэгъуэзэн мурадкІэ ар щІэтІысхьауэ щытащ Собинов Леонид и цІэр зэрихьэу Саратов къалэм дэт къэрал консерваторием. А еджапІэ нэхъыщхьэр диплом плъыжькІэр Іэщ1эльу нэгъабэ къэзыухахэм яхэтщ ди лъэпкъэгъу уэрэджы-Іакіуэ ныбжьыщІэри.

Зи ныбжьыр илъэс 29-м ит Ренат дунейпсо зэпеуэм и лауреатщ, Кавказ Ищхьэрэм щекІуэкІа зэпеуэм и дипломантщ, апхуэдэуи къыхуагъэфащащ Къэрэшей-Шэрджэсым и ЦІыхубэ Зэхуэсым (Парламентым), КъШР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм къабгъадэкІа ЩІыхь тхьилъэр.

Консерваториер къызэриухыу Ренат абы егъэджакІуэу къыщІэхэнэжауэ ику ит профессиональнэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт факультетым щолажьэ, уэрэд жьІэныкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэзугъэныгъэр егъэзыхьэзыр.

ЕгъэджакІуэу зэрыла-жьэм хъыдэкІуэу, Ренат езыми уэрэд жеІэ.

Ренат хуабжьу хэкупсэлъэпкъыпсэщ, адыгэм хуэгъэза сыт хуэдэ Іэхуми щІэныгъэ и концертым кърихьэлІаэм ар хуабжьу гунэс ящыхьауащ. Іэгуаузэхэу хуаІэтащ абы игъэзэщІа «Іэдиихуу» уэрэдми.

Урымым адыгэ уэрэджы ыхьэрфІыуэзэрилъагъур наІуэ къыщІащ Черкесск къалэм гъэмахуэ кІуам щІэта концертым. Зэуэ жьІэнщи, «Адыгэр я щІыналъэ щопсэужьу» концертыр уэсфІэмыкІыжьыну гуапэ, псэр зэщІэзыщІэ, гур дзэрыхьэ Іуэхугъэ хъуащ. Концертым еплъыну къекІуэлІахэм я Іэгуаузэ макъыр мыуЕІэуэрэ, ар и кІэм нэсащ. Уэрэджы Іакіуэ ныбжьыщІэм и гур къызыхэкІа адыгэ лъэпкъым зэрыхуэгумэщІыр, абы лъагъуныгъэ ин зэрыхуиІэр мыбдеж аргуэру наІуэ къыщІащ. Абы къеблэгъэхэр щІигъэдыуащ «Истамбул гъэгу», «Мыхьэжырхэм я уэрэд», «Уэзы Мурат», «Адыгэ ныісэ унэм идошэ» уэрэдхэм, нэгъуэщІхэми.

Ди лъэпкъэгъу уэрэджы-Іакіуэ зэчиифІэ Урым Ренат зыужьныныгъэ гъэугум тетщ, лъэпкъ щэнхабзэр зымыгъэкІуэдыжынукъым я сатыр-рым быдау хэуващи, и гуэхэлъэр Тхъэм къыдигъэхъу.

ГЪУКІЭКЪУЛ Иринэ.
Черкесск къалэ.

АщхъУэТ Ритэ:

Лэжьыгъэм сытым дежи щІэ гуэр хэлъхьэн хуейщ

Гуапагъэр и нэгум къриХрэ зыхэтым дэрэжэгъуэкІэ яхуэупсэу, зыпэрыхьэ дэтхэнэ зы Іуэхури нэгъэсауэ зэфІигъэкІыу апхуэдэщ Сурэтыщ гъуазджэхэмкІэ музейм и унафэщІ Ащхъуэт (Тау) Ритэ. Гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ кууэ зыхэзыщІэ бзыльхъугъэм зыпэрыт Іэнатіэм лэжьыгъэшхуэ щызэфІегъэкІ, музейм щІыху нэхъыбэ кьришэлІэныкІэ, псом хуэмыдэу, щІалэгъуалэр дахагъэм и дунейм хишэныкІэ Іэмал гъэщІэгъуэнхэр кьеГъэсэбэп.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и экономикэ факультетыр Къэрэшей-Ритэ «Александр и К» телекомпанием лэжьэн щыщІидзащ, иужькІэ «Гамма» продюсер центрым и унафэщІу щытащ. Ащхъуэтыр щэнхабзэ Іэхуэшхуэ куэдым я къызэригъэкІыгъэр. Кіыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэсыкІэ 100 щрикъум ирихьалІэу «Шу пашэм и Гъуэгуанэ уардэ» литературэ пыхьыр къызэрагъэпэщащ. Сочэ къыщызэІуаха Щіымахуэ Олимп Джэгухэм ирихьалІэу хэтащ «Библиотека, спорт и книга на встречу Олимпиаде» республикэ зэпеуэм. Апхуэдэу я зэфІэкІ щагъэлъагъуэ «Радостное чтение» тхьІэкІ марафоным, Лермонтов Михаил къызэрагъэпэщ илъэс 200 зэрыриКъум и щыхькІэ къызэрагъэпэща «Певец Кавказа» зэхьихьэм, нэгъуэщІхэми.

Ащхъуэтыр хуейщ сыт хуэдэ ныбжьыкІи итри музейм и хьэщІэ хьуну. А Іуэхур кьыщирагъэжьащ школакІуэ щыкІуэхэм я деж - мурад зыхуащІыжащ абыхэм ящыщ дэтхэнэми зэ нэхъ мыхьэми музейм зыщІагъэпІылъхьыну.

И лэжьыгъэм зэрызригъэужьыным щІэныгъэм ехъулІэныгъэ ущиІэн папщІэ, абы сытым дежи щІэ гуэр хэпІъхьэн хуейщ. Дызэтхьэжьу ислъэсым музейр къызэрагъэпэщэз ильэс 55-рэ ирихьунущ. Ар Іэтауэ дгъэльэпІэну ди мурадщ, гъэльэгуэныгъэ гъэщІэгъуэн куэд хуэзэдгъэпэщынущ, музейм и гъэтІылъыгъэ суРэт нэхъыбэрэр утыку кьитхьэнущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Лъэпкъ зэгурыІуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ хуэгъэпсауэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир блэкІа илъэсым мэлыжьхьым и 22-м Іэ зыщІадза Унафэм мыпхуэдэу итщ: «Щэнхабзэм епха Іуэхуэм, щэнхабзэ-тхыдэ щІэныр хъумэным. Урысей щэнхабзэм дуней псом щиубыд увыпІэм жылагъуэм гуІэныгъэ хуегъэщІын папщІэ, 2014 гъэр УФ-м Щэнхабзэм и илъэсу щыгъэувын».

КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэс Республикэмэ, абы къыхьэ кьалэхэми районхэми Щэнхабзэм и илъэсыр Іэтауэ щагъэлъапІащ, фестивальэпеуэ зэхуэмыдэхэр, зэІуцІэхэр, пшыхьэр, зэхьэзэхуэхэр ирагъэкІуэкІащ. Нэхъыщхьэраращи, щэнхабзэ ІуэхугъуэхэмкІэ цІыху куэд къызэщІаубыдащ.

Адыгэ-Хьэблэ муниципальнэ щІыналъэр къапщтэмэ, абы и администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм я кьалэныгъэ-мэ ящІысу зэрагъэзащІэм и щапхъэхэр гъунэжщ. Къудамэм и унафэщІ Мэзуокъэбэ Тамарэ къызэрыджиІамкІэ, зы Іуэхугъуэ кьалэныгъэкІэ къадэмыІэпыкъуу. Апхуэдэщ КъШР-м и ЦІыхубэ Зэхуэсым (Парламентым) и депутатэхэр суст щыгъуи щІэгъэкъуэн кьаХуэхъуэ Зэкъошныгъэ Раул, Кьардэн Мурадин, Хьупсыро-къуэ Алий сымэ. Мыбыхэми, нэгъуэщІ щІалэхэми я фІыщІэщ районым щыпсэу щІэблэм щэнхабзэ и лъэныкъуэкІэ зэрызэужьыр, льагапІэфІхэм зэрынэсыр.

Къудамэм и лэжьакІуэхэм илъэсым и кІыхьагъкІэ ирагъэкІуэкІа Іуэхугъуэхэм зэриплъэкІмэ, зы махуи зыгъэпсэхупІэ зэрамыІам щыгъуазэ уохъу. Нобэ зэхьэзэхуэм хэтмэ, пщэдей фестивалым, абы кьакІэлъэныкІуэ махуэм гъэлъэгъуэныгъэм, зэІуцІэхэм, пшыхьэхэм... Іуэхугъуэ куэдкІэ гъэнщІауэ ёокІуэкІ я дэтхэнэ махуэри.

НыбжьыщІэхэр кьыхащэкІэрэ, илъэсым и кІыхьагъкІэ къызэрагъэпэщ тхакІуэхэр, усакІуэхэр щагъэльапІэ пшыхьэхэр, тхьілъ гъэльэгъуэныгъэхэр, пшыхьэбзэхэм, хабзэм, узыншагъэм, афиряным пэщІэтыным яхуэгъэзэ зэІуцІэхэр, зэпсэльэныгъэхэр зэхашэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, «Писатели и поэты КЧР», «Традиции наших предков»», «А.С. Пушкин в живописи и музыке», «Культура в семье - культура в стране», «Секреты красоты» зыфІащІа зэхьихьэхэр, щІалэгъуалэр макъамэмэ, литературэм, сурэтыщІ щІэрыІуэхэм я Іэдакъэщіхіхэм щыгъуазэ щІыным хуэгъэзэ пшыхьэхэри. Районым и «Адыгэ нэмыс» щІыхубэ театрыр зэкъым зэрыхэтар «Играй, театр!» республикэ фестиваль-зэпеуэм, щІыхь тхьілъи мызэ-мытІэу къыхуагъэфэщащ.

Адыгэ-Хьэблэ щІыналъэм льэпкъ зэхуэмыдэ куэдым щыщІэхэр зэрыщІэсэум къыхэкІыу, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм гулъытэ ин хуащІ льэпкъхэм яку дэлъынхуэ зэгурыІуэныгъэм, зэкъуэшыгъэм. Абы и щапхъэщ «Мамырыгъэмрэ гуапагъэмрэ я бзэкІэ дызэвгъэпсалъэ!» фІэщыгъэр иІэу къызэрагъэпэщ дерсхэр.

ЩІыналъэм, щэч хэмылъу, иІэщ зэрыгушхуэ творческэ гупхэр, зэрэджьыкІауэхэр, зэчий зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэ.

Дауи, псом япэ и цІэ къиІуапхъэщ «Ридадэ» цІыхубэ сабий къэфакІуэ ансамблым. Сочэ щекІуэкІа ЩІыМахуэ Олимп Джэгухэм и щэнхабзэ программэм ахэр зэрыхэтами куэд кьыбжьыгъуи гурІэщІ. Мы гупыр зыхэта зэпеуэ-зэм пашэныгъэр кьыщимыхьа къыщІэкІыгъуейщ. Гукъинэжт мы гъэм накъыгъэм и 12 - 16-хэм Владикавказ къалэм щекІуэкІа, «Танцевальное шоу Кавказа - Танец дружбы» IV дунейпсо фестивалым Адыгэ-Хьэблэм и «Ридадэр» ЯІпэ нагъыщэм и лауреат зэрыхъуар. Кьыхэгъэщыпхъэщ мыбы хамэ кьэрал къикІаХэри, Кавказ Ищхьэрэм щыщ къэфакІуэ гуп цІэрыІуэхэри зэрыхэтар. Ауэ псом нэхърэ нэхъ Іэкіуэлъакіуэу кьалъытар ди хэгъэгум и концертым. Зэуэ жьІэнщи, «Адыгэр я щІыналъэ щопсэужьу» концертыр уэсфІэмыкІыжьыну гуапэ, псэр зэщІэзыщІэ, гур дзэрыхьэ Іуэхугъуэ хъуащ. Концертым еплъыну къекІуэлІахэм я Іэгуаузэ макъыр мыуЕІэуэрэ, ар и кІэм нэсащ. Уэрэджы Іакіуэ ныбжьыщІэм и гур къызыхэкІа адыгэ лъэпкъым зэрыхуэгумэщІыр, абы лъагъуныгъэ ин зэрыхуиІэр мыбдеж аргуэру наІуэ къыщІащ. Абы къеблэгъэхэр щІигъэдыуащ «Истамбул гъэгу», «Мыхьэжырхэм я уэрэд», «Уэзы Мурат», «Адыгэ ныісэ унэм идошэ» уэрэдхэм, нэгъуэщІхэми.

Ди лъэпкъэгъу уэрэджы-Іакіуэ зэчиифІэ Урым Ренат зыужьныныгъэ гъэугум тетщ, лъэпкъ щэнхабзэр зымыгъэкІуэдыжынукъым я сатыр-рым быдау хэуващи, и гуэхэлъэр Тхъэм къыдигъэхъу.

ГЪУКІЭКЪУЛ Иринэ.
Черкесск къалэ.

КІыщокъуэ Алим и щІэр зэрехьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь КІыщокъуэ Алим къызэралъхуа илъэсыр 100 зэрыриКъуэр гъэлъэпІэным хуагъэхьэныр Іуэхугъуэхэм яхьэу, Щэджэм псыхъэщхьэхэм къащхьэщыт бгыхэм ящыщ зым хэкуІэ цІэрыІуэм и цІэр фІащащ.

КЪЭБЭРДЕЙ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд а Іуэхугъуэм теухуа и жэрдэмыр къыдалыгъащ Спортымкіэ министерствэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ. КІыщокъуэм и творчествэр фІыуэ зыльагъу дэтхэнэри тхакІуэм и цІэр зезыхьэ зы Іуащхьэ щыІэну куэд щІауэ щІэхъуэпсыри, а кьалэныр гъэззэщІа хъуащ.

Усакіуэр блэкІамрэ кьэкІуэнымрэ зэзыпх лъэмыжу илъытэрт КІыщокъуэ Алим. Усакіуэм и гупсысэр дзэзыІыгъ ди лъэпкъэгъуэм я жэрдэмкІэ зэхаубла Іуэху щхьэпэр зыгъэзэщІену зи пщэ далъхьа гупым хэтт спортсменхэри, кІуныкъуащІэхэр, КъБКъУ-м и лэжьакІуэхэри, журналистхэри. Абыхэм я гъуэгу гъэлъатащ музейм кІуэ пэтми зэрызыужьым, ар щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакІуэхэм я зэхуэсыпІэ нэхъыщхьэ зэрыхъуам.

ТхьэмахуэкІ ныбжьыщІэхэр щІэблэм яІэщІ зэзыхьэ, пшыхь гъэщІэгъуэнхэр. Апхуэдэу абы щІэх-щІэхьэгъэ зэхьихьэхэр щызэхашэ, мы гъэм абы япэу щекІуэкІащ щІыналъэм и стилистхэм я зэпеуэ. Гукъинэж ящыхьауэ «Гъуазджэхэм я жащ» зыфІащащ зэхьихьэр, щІыхьэхэр къырихьэлІат абы. Музейм и пэшхэм щагъэуват дуней псом и суРэтыщІ щІэрыІуэхэм я лэжьыгъэхэр. Оперэ, класикэ, иджырей уэрэдхэм, симфониеу музыкэм, итальян композиторхэм я лэжьыгъэхэм дихьэххэм Іэмал яІащ фІыуэ яльагъу макъамэхэм щІэдэІуну. Апхуэдэу художественнэ тхыгъэхэм хъыджащІ, фильм кІэщІ-хэр щагъэпэсагъуэ, ЖыІпІэнурамэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лъужьыгъуэ псори щызэхэухуэнат а пшыхьем.

- Музейм щылажьэхэр зыпэрыт Іуэхум фІыуэ хэзыщІыхэщ, - жеІэ Ащхъуэтым. - Гуп зэкъуэтэщ, езыхэми гупсысэщІэхэр яІэу, си жэрдэмхэр къызыдаІыгъ. Сэ къызэрысщІыхьымкІэ, щІыналъэм зэрызыужьыр и щэнхабзэр зыжьудэмкІи къальытэ. Щэнхабзэм зыжьудэмкІи къальытэ. Щэнхабзэм зыжьудэмкІи къальытэ. Щэнхабзэм и жьыгъэр

Библиотекэм и лэжьыгъэр мы зэманым нэхъ гугъу хъуащ ыкIи ящыгъэ, ущыуэну къышIэжьынкъым. Абы и щхьэусыгъуэр Интернетым, телевиденэм, зэманым къыздихь нэгъэщI IэмалышIэхэм, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, къару ягъэтурэ зэрыкIуэрщ. А псом задебгъэкIуным, тхылъым и кущIэр пхъумэным пщэрылъ куэд ехьэлIащ.

Тхылъыр зи Iэпэгъухэр

АРАМИ, зи пщэрылъхэр нэгъэсауэ зэфIэзыхьэм, махуэщIэм гушхуэу лъэбакъуэ хуэзыучэхэм ящыщ Хьэбзэ щIыналъэ щэнхабзэ къудамэм и библиотекэ купсэр. Ар зэманым декIуу мэбакъуэ: компьютер, Интернет Iэмалыщ Iэхэм къыщыщIадзауэ, сыткIи зэгъэпэщащ, и пэш хуитхэр яхуэгъэпсащ балигъхэм къыщегъэжьауэ нэхъ цIыкIухэм щыщIэкIыжу - тхылъым, еджэныгъэм хуэпабгъэ дэтхэнэми.

ЕджапIэхэм къыщымынэу, библиотекэр быдзу япыщIащ балигъхэми, сыт и лIэныкъуэкIи ядолажьэ, цIыху нэхъыбэ къызэрыкIуэм ящыгъэ. Абы папщIэ IэхуэгъуэфI куэд къэхъэжьэ, я хьэрычэткIэ ирагъэкIуэкI. Щэнхабзэм и илъэсу ягъэувауэ щыта 2014 гъэм къапщтэмэ, апхуэдэ хьэрычэтымрэ Iэхуэгъуэзэмрэ мащIэтэхъым. Кавказым хуэуса Лермонтов Михаил деж къыщегъэжьауэ лъэпкъым и усакIуэ, тхакIуэ куэдым ятеухуа зэIыщIэ, пшыхь, зэпсэльэныгъэ куэд ирагъэкIуэкIащ. Абы къыщыжиныгъ, совет зауэлIэр Афганистаным щекIуэкIа зауэм къыздэхащэжрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум хуэгъэзауэ фэеплъ зэхьхьэхэр къызэрагъэпащащ.

2014 гъэр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм Iэ узынщагъэм щыщIэхэм, сабий зеиншэхэм я илъэсу щагъэувати, библиотекэм и IэжьакIуэхэми зэрахуэзэфIэкIкIэ я гуащIэ халъхьащ апхуэдэ сабийхэм защIэгъэкъуэным, цIыху ныкъуэдыкъуэхэм Iэпыкъэным. Зэрыгурыlуэгъуэщи, библиотекэр къэрал мыкъор цIыхухэм ятезыгъашэ къуныкъукъым, арами, цIыхум и гукъыдэжьыр гуфIэгъуэ зэхьхьэкIэ къэпIэтыным, тхылъым бебгъэхьхьауэ, дэрэжэгъуэ абыкIэ лъыбгъэсыным хуэзэ. Апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэкIэ республикэм и мыбжъуэу, къэрал псом и утыкум йохьэ, фIыщIэкIэ къаплъэжьрэ куэдщ.

- Апхуэдизу лэжьныкъуэм ди лэжьыгъэр хуэдизрэ ди Iэмал зэрыпсоу, - жеIэ Хьэбзэ районым библиотекэ купсэм и унафэщI Дэбагъуэ ФатIимэт. - Зэрыгурыlуэгъуэщи, библиотекэм и Iэщ Iагъэрылажьэхэм я къару зэкъуэкIэ илъэсым и кIэхьагъым апхуэдизу Iуэху пхузэфIэхьнукъым. Ди зэIущIэхэр, зэхьхьэхэр едгъэкIуэкIыныжмкIэ щIэгъэкъуэн къытхуохъу дызыхиубыдэ Хьэбзэ районым и щэнхабзэ къудамэм и лэжьакIуэхэр. Библиотекэм IэщIагъэм и мыбжъуэу, ди лэжьакIуэхэм зэчий куэд къызыкIуэх: уэрэд жаIэ, кIоф, сурэт щыIэм дихьэхэри диIэщ. Араш - тхылъыр зи Iэпэгъуу псэу цIыхум зэчийри Iэпэгъу къыхуохъу.

И Iэмалкlи, Iэмэпсымэкlи, лэжьакIуэкIи, Iэзагъэкlи, гулыитэкlи зэпэщу илъэс къэблагъэм хобакъуэ Хьэбзэ районым и библиотекэ купсэр. Тхылъыр и Iэмал пэрыту, арэуолажьэ лъэпкъым, хэгъуэгум, къэралым. Нэгъэсауэ зыхуэпабгъэри зыщ: даехагъэр цIыхухэм я псэм, я гъащIэм хэпъыныкъ, ар къэкIуэну зэманми хуэхъумэныщ.

КЪАРЗЭДЖ Сэид.

Щэнхабзэм и илъэс

мыкъэнэшхуэ иIэщ.

ЗэIущIэу, зэхьхьэу, пшыхьу библиотекэм щагъэхьэзырыр, щрагъэкIуэкIыр мащIэкъым. Псалъэм папщIэ, абыхэм ящыщIу Хьэгъэм и дунейпсо махуэм хуэкIуэу, усакIуэ Даур Ольгэ и пшыхь дахэ къызэрагъэпэщар. Усэхэм я мызакъуэу, мы пшыхьым и утыкум щыIуащ уэрэдхэр, къыщащIащ къэфакIэ зэхуэмыдэхэр, сытми - щэнхабзэ къудамэм и дахагъэр щагъэпIэгъуащ.

Зэрыгурыlуэгъэщи, Хьэбзэ район библиотекэм и лэжьыгъэм и Iыхьэ нэхъыбэр зыхуэгъэзащ, зыхуэунэтIащ адыгэ лъэпкъращ, абы и щэнхабзэращ, лъэпкъыбзэращ, дахагъэу иIэращ. Унагъуэдэ щхьэхуэхэм, лIакъуэхэм я къекIуэкIыкIам къыщегъэжьауэ, лъэпкъ жыгхэм щыщIэкIыжу, ижь-ижьыжьым къыщыщIэдзауэ щIэгъэкъуэм къызэранэкIа гъэсыгъанэ мыпсынщIэм и тхыдэр къызэрызэщIакъуэжьыным яужь итщ библиотекэм и лэжьакIуэхэр. Иужьрей илъэсыр къэтщтэнщи, адыгэ ныпым, адыгэбзэм, Кавказ зауэжьым, нэгъэуэщ кущым ятеухуа Iэхъуэгъуэфхэр къаIэтащ. Абыхэм хашэ щIэблэщIэр, кIаргъэсэбэп егъэджакIуэхэм я дэIэпыкъуныгъэр, егъэджэныгъэ къудамэм и Iэмалхэр.

Щэнхабзэм и илъэс

Лъэпкъым, интеллигенцэм пщIэ зыхуэщIыпхъэу къаIытэм, ауэ кIыхьлIыхь хъуа Iуэхум, икIэм-икIэжьым, унафэ щигъэткIэ, абы зауагъэ гуэр зыбгъэлъагъуэ. «Сыту фIыт, куэд щIат ар абы къызэрилъжьэр», - жыIэмыыIа си щхьэкIэ срихьэлIакъым Бещтокъуэ Хьэбас КъБР-м и цIыхубз усакIуэ цIэр къызэрыфIащам и хьыбарыр къыщIэлъ.

КъэбэрдеIм и напшIэ тель, и щхьэр зэригъафIэ, нэгъэщIэжьи зэрызэхуэдгъэщIагъэу усакIуэщ Бещтокъуэ Хьэбас. УсакIуэм и закъуэкъым, - ар публицистщ, уэщIакIуэщ. «Анэдэлъхубзэм и псынащхьэ» тхылъым сыщеджам, сэ абы сигуфIэ фIыщIэ хуэсщIат тхужьмыIэ пэж утыку псалъэ зэрыщIыфам щхьэкIэ. Псоми ягу урихьыш щхьэкIэ, «уцIыхубфIыныкрэ» русакIуэщхьэжькIи зэпхакъым. УсакIуэ тхакIуэхэм щIакъуэ ягъажькрэ, вакъэ ящIырыкъым. Абыхэм пщIэ щIаХуэтщIыкI уэзщIакIуэм и псалъэкIэ, и акъылкIэ дащоугъэри араш. ИкIи апхуэдизкIэ дызыщыгугъ хьунуэхэм я бжыгъэм зэрыхэщIыр гущIыхьэщ. ЖьитIэм-жьитIэращи, 1960 - 70 гъэхэм ди лъэпкъым иIэ хуэ щIэныгъэлIэхэм, композиторхэм, усакIуэхэм, тхакIуэхэм я Iуэхум пызыщIэгум, къэралым. Нэгъэсауэ зыхуэпабгъэри зыщ: даехагъэр цIыхухэм я псэм, я гъащIэм хэпъыныкъ, ар къэкIуэну зэманми хуэхъумэныщ.

КЪАРЗЭДЖ Сэид.

«Лъэпкъ Iуэху дыщIэсупсыскIэ зыдущэхуурэ, Ди щхьэцым щIыгъуу дигу тфIэузри тхъуащ», -

жызыIа Бещтокъуэ Хьэбас цIыхубз усакIуэ цIэр къыфIащащ!

Библиотекэм и лэжьыгъэр мы зэманым нэхъ гугъу хъуащ ыкIи ящыгъэ, ущыуэну къышIэжьынкъым. Абы и щхьэусыгъуэр Интернетым, телевиденэм, зэманым къыздихь нэгъэщI Iэмалыщ Iэхэм, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, къару ягъэтурэ зэрыкIуэрщ. А псом задебгъэкIуным, тхылъым и кущIэр пхъумэным пщэрылъ куэд ехьэлIащ.

Бещтокъуэм ейуэ Iыхьэфl хэлъщ а «гъэумылэм». Абы и псалъэм сыщIихьэхэр вжесIэнщ: щыщIалэм - лъагъуныгъэм и чэзуэм, а ныбжьым ит псори фIыуэ яIъагъухэм зэрелъущIэн уэсэ гъуэзэджэхэр итхащ. Хэт зымыщIэр (адыгэ усыгъэр зыкIэфIхэм щыщ) «Сыт пхуэсщIэнур, сигу, усфIэтхъэмыщIкIуэ,...», «Иэрлъхьэ сигу сынэмыкIуэну...», «Си лъагъуэ», нэгъуэщIхэри. Мыхэр усэ къудейтэкъым, гум кьиIуэ макъамэти, композитор Хьэлупэ Джабрэилиг гъуэзэджэу къиубыдащ а макъамэхэр зыхуэдэр. Уэрэд хэр зыгъэзэзащIар Тут Заурщ. Мы тхыгъэр къыщыщIэзэгъэщIэн зэрыхуэхъэщащ щIалэгъуалэм щIэныгъэм трагъэщIэн зэрыхуэйр. Хьэбас, Джабрэилиг, Заур хуэдэ зимыIэ лъэпкъыр бзагъэ, дагу мэхъу, усыгъэмрэ макъамэмрэ я фIыпIэм щоуж.

Бещтокъуэм и япэ тхылъ «Ракетодромхэр» зыфIщам итщ «Адэжь щIыналъэ» усэ. «Дуней сыкъыгурщат сэ зззмыIэу», - жеIэри и гупсысэр ишэщIын щIедзэ. Усэм кIэщIэтыр 1970 гъэр зэрырам тызощIыхьри, илъэс 27-рэ зи ныбжьым пасэщ иджыри дунейм кьызэрыгуэщатыр зыхиущIэну. Ауэ усакIуэм нэхъ щIэхъуу и акъылыр тIысу къыщIэкIынщ. Апхуэмдэуи хьунукъым, щIыхуэхэм зыгуэр яжепIэну яужь ущиткIэ. Мы усэр сигу къыщIинар «ГъащIэм сыкъыгуэщэту» къыщыщIыхьри дежи зыгу къэкIыжьат, сымыгужьеиныжмкIэ сэбэп къыхуэхъуу къэспытэрти араш. «Кьыгуэщэтыр» узэримизакъуэр пщIэнри мащIэкъым! Аращ «псалъэм и къару» жьхуаIэр. Е дигу къэдвгъэгъэкIыж «Бзэр тIэщIэкIмэ, дыльпэпкъкъым...» усэр. Ар ди газетым теддзэ зэпытщ, цIыхуэхэм я акъылым хэтпщэну дыхуейуэ. Аондэлъхубзэм теухуауэ сабий садхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ Iуэху гугъэ щекIуэкIмэ, Iэмал имыIэу а усэр жаIэнущ.

Тхыдэр и усэм къызэрыхэщщ и гугъу пщIымэ, Хьэбас усэ сатыр зыбжанэкIэ къызэщIиубыдэ щIэныгъэм и куугъэшр умыгъэщIэхэм я зы щапхъэ закъуэщ. Арагъэнщ «плеядэ гъуэзэджэ» жьхуэтIэхэм я дежкIэ щIэх-щIэхьурэ дыщIелпъкIыжьыр, абыхэм яуэзэфIэкIар Лъэпхъым и гъащIэ гъуэмылэуи къыщIэтлъытэр.

Бещтокъуэм ейуэ Iыхьэфl хэлъщ а «гъэумылэм». Абы и псалъэм сыщIихьэхэр вжесIэнщ: щыщIалэм - лъагъуныгъэм и чэзуэм, а ныбжьым ит псори фIыуэ яIъагъухэм зэрелъущIэн уэсэ гъуэзэджэхэр итхащ. Хэт зымыщIэр (адыгэ усыгъэр зыкIэфIхэм щыщ) «Сыт пхуэсщIэнур, сигу, усфIэтхъэмыщIкIуэ,...», «Иэрлъхьэ сигу сынэмыкIуэну...», «Си лъагъуэ», нэгъуэщIхэри. Мыхэр усэ къудейтэкъым, гум кьиIуэ макъамэти, композитор Хьэлупэ Джабрэилиг гъуэзэджэу къиубыдащ а макъамэхэр зыхуэдэр. Уэрэдхэр зыгъэзэзащIар Тут Заурщ. Мы тхыгъэр къыщыщIэзэгъэщIэн къыхэзгъэщащ щIалэгъуалэм щIэныгъэм трагъэщIэн зэрыхуэйр. Хьэбас, Джабрэилиг, Заур хуэдэ зимыIэ лъэпкъыр бзагъэ, дагу мэхъу, усыгъэмрэ макъамэмрэ я фIыпIэм щоуж.

Бещтокъуэм и япэ тхылъ «Ракетодромхэр» зыфIщам итщ «Адэжь щIыналъэ» усэ. «Дуней сыкъыгурщат сэ зззмыIэу», - жеIэри и гупсысэр ишэщIын щIедзэ. Усэм кIэщIэтыр 1970 гъэр зэрырам тызощIыхьри, илъэс 27-рэ зи ныбжьым пасэщ иджыри дунейм кьызэрыгуэщэтыр зыхиущIэну. Ауэ усакIуэм нэхъ щIэхъуу и акъылыр тIысу къыщIэкIынщ. Апхуэмдэуи хьунукъым, щIыхуэхэм зэрыщIэкIыжьыр. Аращ ар си гум къэкIыжьат, сымыгужьеиныжмкIэ сэбэп къыхуэхъуу къэспытэрти араш. «Кьыгуэщэтыр» узэримизакъуэр пщIэнри мащIэкъым! Аращ «псалъэм и къару» жьхуаIэр. Е дигу къэдвгъэгъэкIыж «Бзэр тIэщIэкIмэ, дыльпэпкъкъым...» усэр. Ар ди газетым теддзэ зэпытщ, цIыхуэхэм я акъылым хэтпщэну дыхуейуэ. Аондэлъхубзэм теухуауэ сабий садхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ Iуэху гугъэ щекIуэкIмэ, Iэмал имыIэу а усэр жаIэнущ.

Тхыдэр и усэм къызэрыхэщщ и гугъу пщIымэ, Хьэбас усэ сатыр зыбжанэкIэ къызэщIиубыдэ щIэныгъэм и куугъэшр умыгъэщIэхэм я

Адыгэ бзылъхугъэм и дуней

Щэнхабзэм и илъэсым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэгъуащ балеринэ цIэрыIуэ, тхакIуэ, скульптор, актрисэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа бзылъхугъэ дахэ Щамырзэ Моникэ (Черинэ Людмилэ) и гъащIэм теухуа «Щамырзэхэ я вагъуэ» («Из рода Чемерзиных»), «Къыу закъуэ» («Одинокий лебедь») фильмхэр. Аращ зытеухуар Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ и Къэрал филармоним мы гъэм дыгъэгъазэм япэу утыку къыщрахьа «Адыгэ бзылъхугъэ» («Черкешенка») фильмыр.

Щамырзэ Моникэ

УРЫСЕЙПСО къэрал телерадиокомпанием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIу лэжьа Къэзанш Людмилэ зи пашэ гупым Щамырзэ Моникэ теухуауэ Париж щытраха «Щамырзэхэ я вагъуэ» («Из рода Чемерзиных») фильмыр ВГТРК-м и республикэ къудамэм япэщIыкIэ адыгэбзэкIэ къитащ, иужькIэ Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм урысыбзэкIэ утыку къыщырахьащ.

Фильмым и автор Къэзанш Людмилэ, продюсер Иуан Аллэ, режиссёр Щокъарэ Мадинэ, оператор Тахъу МуIэд сымэ Франджым кIуэри, Черинэ Людмилэ зыцIыхуу щытахэм яIущащ, и хьэл-щэнхэм, и зэфIэкIым трагъэпсэльхьащ.

- Людмилэ псым щес къазу уIупльэрт, ар псэкIэ къафэрт, нурыр къыщыхэщихырт. И щэнкIи теплъэкIи дахэт, зэпIэзэрытт, илъэкъ псоми Iэдэбагъ хэлът. Абы псэкIэ псори зыхищIэрт, гу пщIанэт, егъэлеяуэ дахэу утыку итт, пэжагъ хэлът, илъэкъ псоми абы ижь къыщIихурт, Гуэздджэм екъэлIауэ и Iэдакъэ сыт къыщIэкIами, абы и теплъэ дахэм и дамыгъэ тельт, - жеIэ Париж и «Сан-Рок» члисэм и дин лэжьакIуэ Тьери де Лэпин.

Франджым и сурэттех Робер Эрик фильмым щыжеIэ теплъэ зэкIуж зиIэ, пщIэшхуэ зыхуащI, зи щхьэми нэгъуэщIхэми пщIэ яхуэзыщIу щыта Людмилэ и дахагъэм Iэнкун уищIу зэрыщытар, а къэфакIуэ гъуэзджэм триха сурэтхэм нобэ уасэ зэрамыIэр.

Апхуэдизэ зэфIэкI зиIэ бзылъхугъэр зыхунэмысар зы закъуэщ - ар анэ хьуакъым. А гунэкъуэгъуэрауэ хуагъэфащэ Людмилэ и скульптурэ нэхъ хьэлэмэт дыдэм - «Европэм игу» зыфIищам, анэмрэ и сабиймрэ Iэплlэ зэрашэкIауэ щыплъагъуэм, лъабжьэ хуэхъуар - езыр зыхунэмыса, имылъэгъуа сабийр, къимыгъэсабэпа хуабагъэр, гурыщIэр. Абы къытращIыкIам егъэдахэ адыгэ бзылъхугъэ гъуэзэджэ, зи дахагъымрэ зэфIэкIымкIэ дуней псом щIэрыIуэ щыхъуа Щамырзэ Людмилэ и къхьащхьэр. Париж и курыкIэсэм хуэзэ Мон-Мартр хьэблэм дэтщ а къхъэр.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI Вэрокъуэ Владимиррэ Мартироосовэ Ринэрэ Щамырзэ Моникэ теухуауэ Париж щытраха «Къыу закъуэ» фильмыр КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым щагъэлъэгъуащ. Фильмым къыхощ Моникэ къыум хуэдэу зэрыдахэр, езыр зэрыгуапэр, зэрыпагэр. Абы и лъагъуныгъэр щыдгъэкIуэдым, и псэр зыхэлъ къафэри пIалъэкIэ Iэщыбэ ецIыф, и жьы хъугъуэм - и закъуэу, быныншэу къонэ. Итlани, Щамырзэ Моникэ хуэзфIэкIар мащIэкъым - щIыхуэ ягу къызэринамрэ Франджым абы и гугъу зэрыщащIымрэ урикъунщ...

Вэрокъуэ Владимиррэ фильмыр тезыхьу абы и гъуса и гупымрэ яIущIащ ди хэкуэгъу щIыхубзыр фIыуэ зыщIыхуэ зыбжанэм. Дэтхэнэми къыжеГэщ къызэкIа лъэпкъым и хабзэрэ теплъэрэ Щамырзэм дальэгъуу зэрыщытар (и адэ Авенир адыгэ уэркът, пащтыхьым и полковникыу щытащ). Езы Моникэ жиIэрт и хьэл-щэнымкIэ зэщIыкIэ и адэрауэ. Фильмым къыхощ Франджым щыпсэуа балеринэ цIэрыIуэр зыщIэса унэм нобэ иIэ теплъэр, Моникэ и ныбжьыгъуу, дэIэпыкъуэгъуу илъэс 40-кIэ къыдэгъуэгурыкIуа Ансален Жан-Клод и гукъэкIыжхэр. «И псор щыхэмытыжми, ар нысащIэм ещхьт. И Iэпхэр, и Iэнкъгъэпкъыр сурэту щIа фIэкIа пщIэнтэкъым», - жеIэ фильмым хэтхэм ящыщ зым.

«Налшык» НОТР-м кIэригъэтащ фильм 18-м щыджэгуа, балеринэ гъэзэджэу щыта, Европарламентым и Iэхъущ Iапl э Страсбург дэтым и гупэм щагъэува «Европэм игу» скульптурэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Щамырзэ Моникэ и видео архивыр.

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и щIыхубз хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я етIуанэ зэIущIэхуэу Ставропольем щекIуэкIам «Налшык» НОТР-м кIыщIыхьэ зэфащащ «Медиа илъэсым и къэхъукъащIэ» номинацэм и етIуанэ зыкIэплIэр, «Къыу закъуэ» фильмым папщIэ.

Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ и Къэрал филармонием дыгъэгъазэм япэу щагъэлъэгъуащ режиссёр, продюсер цIэрыIуэ, УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Нэгъалпъэ Асчэрбий триха «Адыгэ бзылъхугъэ» («Черкешенка») фильмыр.

Дэфтэрхэр зи лъабжьэ мы фильмыр щытрахащ Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Франджым и Париж, Страсбург къалэхэм. Ар узыгъэгупсысэ, гур кьыззщIэзыIэтэ, адыгэ цIыхубзым и пщIэр нэхъри зыIэт лэжьыгъэфI хъуащ.

Фильмыр япэу щагъэлъагъуэм зригъэхьэлIащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ Мухьэмэд. Абы зэрыжиIамкIэ, адыгэ Iуэрыуатэм къыхэщIыж бзылъхугъэ кIэщIущхэм, пащтыхьхэм, пщышхуэхэм я щхьэгъусэ зэфIэкI зиIэ, ябгъэдалъ зэчийамкIэ, хахуагъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ дуней псом щыщIэрыIуэ, зи псэ емыблэжу биим пэщIэта, зи хьэл-щэн эзтетымкIэ щIэблэм щапхъэ дахэ яхуэхъу, лъэпкъым зегъэузэщIынымкIэ ныбжьыкIэ къалэныщхуэ зыгъэзащIэ адыгэ цIыхубз